



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

ARANJMAN AK DEPATMAN ZAFE KONSOMATE (DEPARTMENT OF CONSUMER AFFAIRS, DCA) VIL NEW YORK

CHECHE ENFOMASYON SOU OPSYON POU ARANJMAN OU AVAN ODYANS OU A

Si ou ta renmen gen yon aranjman ak DCA tan pou w ale nan yon odyans, DCA ap mande pou w kontakte yo avan pou mande sou posiblite pou fè yon aranjman. Pou fè sa, ou dwe swa voye yon imèl oswa tèks LegalSettlements@dca.nyc.gov epi mete Nimewo Sitasyon ou (w ap jwenn li anwo sou lamèn dwat sitasyon an) ak non biznis ou a.

- OU DWE FÈ SA OMWEN YON (1) JOU AVAN ODYANS OU A, MEN TOU PA PLIS PASE 30 JOU AVAN DAT ODYANS OU AN.
- TANPRI SONJE OU PA KA **DAKÒ** POU YON ARANJMAN AK DCA AVAN ODYANS OU A.
- APRE YON ODYANS FIN KÒMANSE, YON ARANJMAN PA POSIB ANKÒ.
- Donk, I ap pi bon pou ou si ou mete odyans ou a pou yon lòt dat pou detèmine si yon aranjman disponib pou ou ak si ou aksepte li (ou ka chanje odyans ou a yon sèl fwa, san yo pa poze ou okenn kesyon, san ou pa bezwen ale nan yon odyans).

VOYE YON IMEL OSWA TEKS - PA ALE NAN BIWO DCA

DCA mande pou moun PA vini nan katye jeneral yo pou konnen si yon aranjman disponib. Ka gen eksepsyon pou moun ak andikap, pwoblèm lang, oswa moun ki gen ti restoran sou twotwa yo. Apre ou voye imèl/tèks la bay DCA, DCA ap revize sitasyon ou an epi di ou pa imèl/tèks si ou kalifye pou yon aranjman. Si ou kalifye pou yon aranjman, w ap resevwa yon “Akò pou Aranjman” (dokiman pou ranpli) pa imèl/tèks nan men DCA.

LE W DAKO AK YON ARANJMAN

Yon aranjman se menm ak lè ou plede “koupab” pou vyolasyon yo. Si yo ba ou yon sitasyon pou yon vyolasyon pi devan, y ap konsidere vyolasyon sa a kòm yon dezyèm ofans (ak sanksyon ogmante). Si ou dakò ak yon aranjman, ou dwe peye montan pou aranjman/amann nan omwen yon (1) jou ouvran avan dat odyans ou a pwograme a. DCA pa pral aksepte peman aranjman ki an reta.

POU PEYE ARANJMAN AN

Ôf pou Aranjman an pral gen enstriksyon detaye konsènan peman. Men ki kalite peman nou aksepte:

- Voye yon Chèk Pèsonèl oswa Chèk Postal bay: “DCA, Attn: Collections, 42 Broadway, 5th Floor, New York, NY 10004.”
 - Tanpri ekri nimewo sitasyon ou (ki sou tèt sitasyon ou a sou lamèn dwat) sou chèk pèsonèl oswa chèk postal ou.
- Peyè sou entènèt ak kat debi, kat kredi, oswa chèk elektwonik. Ap gen yon frè pou peman ki fèt sou entènèt yo. Pou fè yon peman sou entènèt, ou dwe:
 - Ale sou nyc.gov/mylicense epi enskri pou yon kont.
 - Desann sou bwat ble ki rele *Businesses - DCA* (Biznis - DCA) epi chwazi “Access My Account” (Antre sou Kont Mwen)
 - Nan seksyon ki rele “Search by Record Information” (Chèche Selon Enfòmasyon nan Dosye), mete “Record ID Number” (Nimewo ID Dosye) a epi suiv enstriksyon pou peye yon vyolasyon.
 - W ap jwenn “Nimewo ID Dosye a” sou Ôf pou Aranjman ou a, epi li fèt ak “[Nimewo Ka]-[Ane]-[ADJC]. Pa egzanp, nan ane 2019 pou ka 123, nimewo ID Dosye a t ap: 123-2019-ADJC.
- Fas-a-Fas Ou ka ale nan Divizyon Koleksyon DCA nan 42 Broadway, 5kyèm Etaj, New York, NY 10004 lendi jiska vandredi ant 9:00 a.m. ak 5:00 p.m. pou fè yon peman pou aranjman. Jou mèkredi yo, Divizyon Koleksyon an louvri a 8:30 a.m. epi li fèmen a 5:00 p.m.